

Yon Chans Pou Yon Chanj  
Maisha Champagne, Inivèsite Laflorid

1. Entwodiksyon

Jodiya, lè nou gade jan Ayiti ye kounye a, nou wè anpil pwoblèm avèk sante pep la, moun ki pa gen lajan pou manje, e gouvènman an ki pa fè anyè pou yo. Men, Ameriken pa we lòt ki pwoblèm Ayiti genyen ki bay menm degre de pwoblèm, e se avèk edikasyon timoun yo e alfabetizasyon de Ayiti. On gwo pousantaj de pèp la pa alfabetize. Nan yo ki ka li, majorite yo pa ka li nan kreyòl, lang peyi a. Dejan di nan liv li ke sa se paske sistèm edikasyon nan Ayiti pa travay men li sipoze travay pou timoun yo avanse nan vi yo. Avèk Franse ke y ap itilize pou alfabetize timoun yo, yo pa nan kondisyon pou devlope lang kreyòl la. Nan tout tan ke sistèm edikasyon te konsa, nou pa wè anpil efosè pou chanje li. Men, gen moun tankou Dejan e Valdman ki bay yon ti fòs pou edike Ayisyen nan Ayiti e nan Ozetazini sou chanjman nou bezwen. Avèk nouvo jwèt sa yo rele Mò Kwaze Kreyòl Ayisyen, nou ka wè on lot chans pou pèp d' Ayiti alfabetize nan lang yo e pa nan Franse.

Jwet Mò Kwaze se yon jwèt nouvo, men li jwenn yon ti popilasyon sou Inivèsite Laflorid ki wè li deja. Moun la a aksepte jwèt sa, men nou pa konn si moun nan Ayiti ap aksepte l. W ap gen moun ki ka di ke se yon jwèt ki vreman estipid e yo p ap jwe li. Alò, w ap gen moun ki pa santi ke li fèt kòrèkteman, paske gen diferan dyalek nan Ayiti. Moun sa yo ekri e pale diferan nan zonn sa yo. Men sa yo pa konprann, se jwet sa ap ede moun pa sèlman li e ekri, l ap ede ekonomikman, pati akademik, e sosyete peyi a.

2. Ekonomi d' Ayiti

Depi 1980, ekonomi d' Ayiti desann anpil. Nou we plizye chanjman nan gouvènman an e batay avèk diferan sosyete nan peyi a. Se pou rezon sa yo ke Ayiti pa devlòpe jan li sipoze. Gen anpil etid ki montre jan Ayiti ap tonbe dèyè lòt peyi ki nan menm sitiasyon. Plis ke katreven pousant moun nan popilasyon an viv télman pòv, yo pa ka achte plis pase pen pou manje pou jou a.

Ekonomi an desann plis nan 2001 lè prezidan Aristide te la. Men nou wè avansman nan 2006 lè Prezidan Preval vini. Plis ke swasant sis pousan plante pou lajan e pou jwenn manje pou fanmi yo. Ayiti pa wè anpil avansman nan lòt travay tankou travay pou administrasyon an, oubyen nan lasyans tankou dokte. Men jwèt tankou mo kwaze ka chanje sa.

Dejan di ke nan Kiba avan 1960, plis ke katreven dis pousan nan popilasyon pa te konn li, men apre Kastwo vini, li desann nimewo a pou jis ke l rive nan de pousan. Nou pa konne ki sa Kastwo fé men nou ka wè jan Kiba avanse nan alfabetizasyon pèp la. Si pèp d' Ayiti jwe jwèt sa e fè lot bagay ki ka fe edikasyon pi fasil, nou ka wè yon avansman menm jan avèk Kiba.

Alò, alfabetizasyon pèp la ka fòme travay nan diferan pati ekonomi an tankou administrasyon e lasyans. Plis moun ap konn ki jan pou li, e y ap ka fini lekòl pou fè bagay avèk tèt yo. Jodiya, gen plis dokte ki soti lòt peyi ki nan Ayiti pase dokte ki Ayisyen. Avèk bagay tankou jwèt sa, nan sèt ou dis ane konn sa, n ap wè plis Ayisyen ki dokte, ki avoka, e ki pwofesè. Alò moun sa yo ap ede ekonomi d' Ayiti. Ayiti ap avanse e lòt peyi p ap gade l move jan.

### 3. Diferans nan Sosyete

Menm jan jwèt la ap ede ekonomi a, l ap bay yon kout men nan sosyete d' Ayiti. Jodiya, ou ka achte jwèt ki rele mo kwaze nan san venteyen peyi diferan, e ou ka jwenn li nan ventnèf lang diferan. Men pou ki sa nou pa genyen l nan kreyòl? Depi mil nèf san katreven, popilasyon an t ap gwose rapidman. Jodiya, gen plis ke uit milyon moun. Pou rezon sa, gen Ayisyen ki kite ale nan lòt peyi. Sa vle di ke Ayisyen anvayi lòt kote. Radyo nan Ayiti kounye a fèt nan kreyòl e nou ka wè yon ti chanjman nan kilti peyi a. Apre Aristide ale, Ozetazini ak lòt peyi voye èd pou moun yo. Yo jwenn avèk moun yo ki rete nan Port-au-Prince, avèk moun abitan yo ki rete nan mòn yo.

Si se posib pou jwenn avèk moun sa yo, sa vle di ke jwèt la ka jwenn avèk yo tou. Jwèt la ka asiste abitan yo aprann kreyòl kòrèkteman. Li ka ouvri je yo pou yo wè lòt pati Ayiti genyen pou ofri yo. Si li ka edike moun, li ka chanje jan sosyete Ayiti mache. Gen yon ti popilasyon Ayisyen ki gen yon travay, yon bèl kay, avèk yon bon ti machin. Men, gen yon gwo popilasyon ki pa gen yon kay, yon travay, avèk yon machin pou fanmi yo. Si nou edike moun yo, nou ka wè moun k ap eseye fè yon chanjman avèk vi yo. Menm si yo pa gen anyen, y ap fè efò yo pou kite povrete a. Mwen panse se pou rezon sa ke nou wè anpil moun ki pòv. Wi, yo pa gen lajan pou tèt yo, men gen moun ki pa konn ki sa yo ka fè pou ede tèt yo.

Ou ka jwe jwèt la sou òdinatè, epi ou ka achte yon ti jwèt pou lè ou pati. Sa ka ede timoun nan lekòl aprann pi fasil. Li ka gen mo pou tout subjè yo. Menm granmoun yo ka jwe. Jwèt la fet avèk gwo lèt pou moun ki pa ka wè tèlman byen. Si jwèt la fèt nan jan diferan, ou ka gen yon mo kwaze pou lasyans, yon mo kwaze pou lang, yon mo kwaze pou sante. Moun ap gen yon bon tan avèk jwèt la, e y ap edike tèt yo an menm tan. Si yo

edike tèt yo, Ayiti ap gen mwens moun ki pòv, plis moun ki edike e ki fini lekòl, e yon chanjman nan sistem sosyete.

#### 4. Akademik sou Agòch, Timoun Sou Adwat

Menm si sosyete Ayiti avanse, fòk nou chonje ke premye pwoblèm nou sipoze gade se timoun yo. Akademik d'Ayiti se kote tout pwoblèm sosyete avèk ekonomi a ale. Se timoun yo ki soufri lè nou pa gen chanjman nan peyi a. Fòk nou gade si jwèt sa ka pwòte chanjman an peyi a bezwen.

Nan peyi a, gen swasant sèt pousan nan timoun ki antre nan premye ane lekòl, e nan pousan sa trant pousan rive nan sizyèm ane lekòl. Avèk plis ke 90 pousan nan lekòl yo nan Ayiti prive, lekòl sa yo pa jwenn anpil èd nan men gouvènman an. Men, ou ka wè ke fanmi vle timoun yo fè èfo pou ale paske yo wè lekòl tankou yon kle k ap ouvri pòt pou chans e pou yon vi ki pi bon. Kounye a, Ayiti jwenn èd nan men lòt peyi avèk plizye pwogram ki soti O Zetazini, tankou USAID. USAID voye moun ki ede yo vire jan sistèm edikasyon Ayiti chita jodiya.

Men, tout moun konne ke timoun pa ka rete anpil tan chita nan yon klas ap tande yon granmoun k ap pale sou bagay tankou lasyans ou istwa. Jwèt sa ka fè timoun vle rete nan plas yo pou jwe jwèt la, an menm tan pou kontinye nan alfabetisasyon. Si nou gade byen, jwèt la tankou yon chat k ap tann pou bèt la vini sou li pi pou manje li. Jwèt la ap tann pou timoun yo vin chita pou jwe avèk li, epi àvan yo konn, jwèt la gen timoun yo. Y ap wè ke yo p ap fè travay, se jwe y ap jwe. Ozetazini gen jwèt konn sa ki sanble yon bagay ki pa travay, men se travay li ye paske timoun yo ap atrap yon leson. Se nan menm

sans. Avèk jwèt la, nou ka wè plis timoun pase sizyèm ane lekòl, e k ap fini nèt avèk lekòl.

## 5. Finisman

Avèk tout sa ki nou wè jwèt la ka ede, fòk nou mande tèt nou èske l ap fèt vreman e si l ap rete pou anpil tan. Gen bagay, pa sèlman jwèt la, ki konn dèspare paske li pa fè sa li sipoze fè pou sosyete. Se pou rezon sa ke nou gen moun tankou Pwofesè Ben avèk lòt pwofesè e moun ki etidye bagay konn sa k ap wè ki sa jwèt la manke e ki sa yo ka chanje pou fè l pi bon.

Te gen yon jwèt nan Ozetazini ki te rele “Hooked on Phonics” e li te ede timoun aprann li e ekri. Yo te gen jwèt sa nan mil uit san katreven sèt e depase ane sa. Lè li fèk kòmanse, li pa t jwenn anpil moun ki t ap eseye. Men avèk tan, jwèt la vin pi popilè avèk timoun. Kounye a, yo gen menm jwèt la, men li ede timoun avèk bagay tankou lang e matematik. Menm jan, jwèt mo kwaze a ap jwenn yon ti popilasyon k ap jwe li, e avèk tan popilasyon an ap gwosi.

Lè m reyalize jan jwèt la ap avanse, mwen panse ke l ap monte nan senk ou sis ane konsa. Mwen kwè ke l ap jwenn popilasyon an li bezwen. Men pou jwèt mo kwaze fè lajan e pou jwenn moun yo ki bezwen tankou moun abitan yo, fòk li gen anpil moun k ap travay sou li pou fè l vreman bon. Nan menm tan, fòk li gen moun k ap soti al montre l. Nan angle yon rele sa “advertisement.” Gen anpil bagay ke moun fè tankou bagay nan teknoloji, ki pa jwenn yon gwo popilasyon paske li pa t genyen gwoup moun sa yo ki t ap soti fè lòt moun wè gen yon jwèt kon sa. Apre tout sa, mwen panse sou popilasyon Ayisyen nan tout lemonn. Eske y ap ede tèt yo avanse nan vi sa?

## Bibliyografi

Dejan, Ive. 2006. *Yon Lekòl Tèt Anba nan Yon Peyi Tèt Anba*. Pòtoprens: Fokal.

*Jean-Bertrand Arisitde*. [http://en.wikipedia.org/wiki/Jean-Bertrand\\_Aristide](http://en.wikipedia.org/wiki/Jean-Bertrand_Aristide).

Latin America and the Caribbean.

[http://www.usaid.gov/locations/latin\\_america\\_caribbean/country/haiti/](http://www.usaid.gov/locations/latin_america_caribbean/country/haiti/)

Valdman, Albert. 2007. *Haitian Creole-English Bilingual Dictionary*. Albert Valdman:

IN. pg. 306, 743.